



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SEMIFINALIS 2017 POU KONPETISYON BIZNIS
43NORTH LAN**

134 Jèn Konpayi Yon Pa Pi Prè pou Genyen Gran Pri 1 Milyon Dola a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke evalyasyon an te kòmanse pou katriyèm ane nan konpetisyon 5 milyon dola pou jèn konpayi 43North la. Jij yo ap detèmine kiyès nan 134 semifinalis yo chwazi yo kap avanse nan konpetisyon pou pati pa yo nan pri 5 milyon dola lajan kach la. Lis semifinalis 2017 yo disponib nan 43north.org.

“43North rekonèt lajman antanke yon konpetisyon biznis prensipal pou pwojè jèn konpayi ki inovan toupatou nan lemond”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York kontan pou akeyi semi finalis sa yo pou dezyèm etap konkou wo gam sa, pandan nap kontinye atire plis talan ak antreprenè nan Lwès New York, epi sipòte kominote biznis k ap devlope deplizanpli nan Buffalo a.”

Ane sa, 502 jèn konpayi nan Amerik Dinò e toupatou nan mond lan te soumèt aplikasyon nan 43North pou fè konpetisyon pou pri 5 milyon dola kach yo. Gayan yo dakò pou yo mete biznis yo nan Buffalo pou yon minimòm 12 mwa kòmanse apati Janvyè 2018 epi y ap founi 5% ekite bay 43North.

Anplis de pri lajan kach yo, moun ki genyen nan 43North yo ap resevwa espas enkibatè gratis, y ap patisipe nan pwogram ankadreman agrandi avèk pwòp konseye nasyonal pèsonalize yo, ekspozisyon piblisite, ak aksè nan pwogram START-UP NY la, ki ap pèmèt konpayi yo fonksyone san peye taks Eta New York yo pandan yon peryòd 10 zan.

134 jèn konpayi yo chwazi nan etap semiifinal la reprezante anpil sektè kle endistri yo, ki enkli biyoteknoloji, pwodwi chimik ak gaz, teknoloji pwòp, sèvis enfòmatisyèn/lojisyèl/hardware, pwodwi konsomasyon, edikasyon, nouriti ak bwason, swen sante, entènèt/komès elektwonik, syans lavi, teknoloji, fabrikasyon, ak sèvis pwofyonèl.

Pwochen etap evalyasyon an se konsa:

- **Jiyè 2017 – Out 2017:** Semifinalis yo ap fè videyo prezantasyon an dirèk.
- **5 Oktòb 2017:** Finalis yo ap prezante devan panèl jij ak odyans an dirèk nan Shea's Performing Arts Center nan Buffalo.

Ane sa a, 43North te chanje estrikti prim li yo lè yo te ogmante pri dezyèm ak twazyèm plas li yo. Prim 43North 2017 la pral gen ladan yo:

- Yon gran pri 1 milyon dola;
- Yon pri 650,000 dola pou premye finalis la;
- Yon pri 550,000 dola pou dezyèm finalis la;
- Senk pri 500,000 dola; ak
- Yo pral ofri youn nan gayan 2017 yo 300,000 dola nan fon konplemantè nan fen ane 2018 la.

Konpetisyon an fè pati inisyativ inovatè Buffalo Billion Gouvènè Cuomo a, ki se yon investisman istorik 1 milya dola pou devlope ekonomi Buffalo a. Pandan twa premye ane konpetisyon an yo, 43North te kouwone 29 konpayi gayan ki fenk ap parèt ki soti atravè Amerik Dinò a ak konpayi ki pi lwen tankou Taiwan ak Izrayèl.

“43North te plis sible ankò ane sa nan sansibilizasyon pou atire aplikan wo nivo ki ta ka aliyen byen ak fòs rejyon an yo”, **Direktè Egzekitif 43North la, John Gavigan, te deklare.** “Mwen kontan anpil pou kalib aplikan ane sa yo e mwen enpasyon pou wè kiyès nan semifinalis nou yo kap avanse nan final nou yo an oktòb nan Buffalo.”

Howard Zemsky, Prezidan, Direktè, ak Komisyonè Empire State Development te deklare, “Buffalo se yon rèv ki tounen reyalite pou moun ki genyen nan konpetisyon biznis 43North la kap vin fè pati kominote antreprenè dinamik kap chanje fason nou fè biznis nan Lwès New York.

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York (Western New York Regional Economic Development Council) e Prezidan SolEpoxy Inc., Jeff Belt, te deklare: “Atrèchè pwogram Buffalo Billion nan, 43North ap founi semans lajan ki enpòtan ki te nesesè pou atire talan ki inovan, nouvo konpayi ak noubo sektè nan zòn nou an. Mwen felisite semifinalis yo e mwen enpasyon pou aprann sou ide biznis ki te mennen yo lwen konsa nan konpetisyon an.”

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Rejyon Lwès New York lan epi Prezidan University New York nan Fredonia, Dr. Virginia Horvath, te deklare: “43North se yon konpayi ki chanje règ jwèt la nan fason ki epwouve nan kominote jèn konpayi mondyal la. Angajman Gouvènè Cuomo pou itilize yon konpetisyon biznis pou pouse inovasyon nan rejyon Lwès New York ap rekonpase klèman. Travay gwo kalib semifinalis enpresyonan yo montre gwo potansyèl Lwès New York genyen pou antreprenè pandan yap eksplòre wout yo nan fè biznis nan rejyon an.”

“Baze sou konpetisyon ane anvan yo, kalib talan kap ogmante san rete ane sa ap rann li difisil pou jij yo chwazi finalis yo, e sa se yon gwo pwoblèm nou genyen”, **Majistra Byron W. Brown te deklare.** Konpetisyon 43North la te mete Buffalo sou kat antanke yon plas ki anbrase inovasyon e ki sipòte jèn antrepriz yo. Magazin Entrepreneur a fèk site Buffalo antanke youn nan 8 premye vil nan Etazini kote antreprenarya ap pwogrese. Gras ak 43North, ki te rann li posib atravè pwogram Buffalo Billion kap kontinye Gouvènè Cuomo a, nap tandè pale de moun ki fè biznis prèske chak jou kap chèche fè investisman nan vil Buffalo. E se pa sèlman moun kap fè biznis nan vil la, oubyen rejyon an, men nan tout peyi a e literalman nan mond lan”.

Enfòmasyon sou 43North

43North se konpetisyon jèn antrepriz 5 milyon dola, ki ap bay rekonpans lajan kach bay kèk nan pi bon antreprenè ak jèn antrepriz yo ki soti toupatou nan mond lan. Gayan 43North yo pral resevwa espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, gid ak ankandremman konseye ki nan domèn ki gen rapò a domèn pa yo a, ak aksè a pwogram prim ankourajman yo tankou pwogram START-UP NY la. 43North fonksyone gras a sipò inisyativ Buffalo Billion Gouvènè Andrew Cuomo a, ak sibvansyon Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority) ak Empire State Development yo. Sipò adisyonèl yo soti nan National Grid ak plizyè lòt esponsò. Pou plis enfòmasyon sou 43North, vizite www.43north.org.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418